



Pou Piblikasyon Imedya: 02/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REJYON LWÈS NEW YORK ANTRE JODI A NAN FAZ 2 NAN RE-OUVÈTI A**

*Rejyon Kapital la toujou sou wout pou antre nan faz 2 re-ouvèti a demen 3 jen*

*Vil New York toujou sou wout pou antre nan faz 1 re-ouvèti a nan dat 8 jen*

*Kan dete lajounen yo ka re-ouvri nan 29 jen*

*Pibliye Dekrè Egzekitif ki otorize aktivite lwazi anplennè, ki gen risk fèb ak biznis ki bay aktivite sa yo pou ouvri nan rejyon ki apwouve pou Faz 1*

*Konfime 1,329 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 373,040; gen nouvo ka nan 43 Konte*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Rejyon Lwès New York ap antre nan dezyèm faz re-ouvèti a jodi a. Rejyon Kapital la toujou sou wout pou antre nan dezyèm faz re-ouvèti a demen 3 jen, epi Vil New York toujou sou wout pou antre nan premye faz re-ouvèti a nan 8 jen.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke kan dete lajounen sa yo nan tout eta a ka ouvri nan 29 jen. Eta a pral pran yon desizyon sou kan pou dòmi yo nan semèn k ap vini yo.

Gouvènè Cuomo te pibliye tou yon [Dekrè Egzekitif](#) ki otorize aktivite lwazi anplennè, ki gen risk fèb ak biznis ki bay aktivite sa yo pou ouvri nan rejyon ki te satisfè kritè sante ak sekirite piblik ki obligatwa pou premye faz la.

"Jodi a se 94yèm jou pandemi COVID-19 la epi si ou gade pwogrès nou fè nan New York, se etonan pou wè nan ki mezi ak ki vitès nou rive", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Nou gen plis bon nouvèl jodi a- kantite ospitalizasyon yo bese, kantite nouvo ka COVID nou resevwa yo nan nivo rekò pou jan yo ba epi kantite lanmò yo prèske osi ba jan nou wè li. Pandan nimewo yo kontinye bese, Rejyon Lwès New York pare kounye a pou kòmanse dezyèm faz re-ouvèti a epi Rejyon Kapital la sou wout pou ouvri pou dezyèm faz la demen."

**Doktè Michael Osterholm, Direktè nan Sant pou Rechèch ak Règleman pou Maladi Kontajyez (Center for Infectious Disease Research and Policy) nan Inivèsite Minnesota, te deklare**, "Pandan de pwochen rejyon yo nan Eta New York te resevwa apwobasyon pou kòmanse pase nan faz 2 kite faz 1 an, nouvo tablodbò avètisman

bonè Eta a pral ede diminye nenpòt pwoblèm ki ta parèt. Li enpòtan pou nou kontinye avanse sou baz done yo epi se sèlman sa Eta New York ap fè".

**Doktè Samir Bhatt, Konferansye Prensipal (Pwofesè Asosye) nan Jewostatistik, Depatman Epidemyoloji Maladi Kontajyez, nan Imperial College London, te deklare,** "Pandan Rejyon Lwès New York ak Rejyon Kapital yo kòmanse pase nan Faz 2 kite Faz 1 an, done yo nan Eta a bay yon vizyon konplè pou swiv ak kontwole maladi a. N ap kontinye kontwole done sa yo depre pou asire pwochen faz la aplike nan fason ki ekilibre aktivite sante pibik ak aktivite ekonomik".

Gouvènè a te konfime tou 1,329 lòt ka nouvo kowonaviris, sa ki bay yon total 373,040 ka konfime nan Eta New York. Nan total 373,040 moun tè s yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	1,900	18
Allegany	48	0
Broome	578	4
Cattaraugus	89	0
Cayuga	93	1
Chautauqua	86	1
Chemung	137	0
Chenango	133	0
Clinton	97	1
Columbia	391	2
Cortland	41	0
Delaware	82	1
Dutchess	3,936	12
Erie	6,173	50
Essex	38	1
Franklin	23	0
Fulton	212	2
Genesee	202	0
Greene	241	2
Hamilton	5	0
Herkimer	111	2
Jefferson	74	0
Lewis	20	0
Livingston	119	0
Madison	317	1
Monroe	2,989	25
Montgomery	93	2

Nassau	40,572	93
Niagara	1,048	2
NYC	204,377	613
Oneida	1,049	13
Onondaga	2,228	31
Ontario	209	1
Orange	10,449	27
Orleans	241	5
Oswego	110	0
Otsego	73	1
Putnam	1,262	5
Rensselaer	493	1
Rockland	13,223	38
Saratoga	484	1
Schenectady	696	3
Schoharie	51	1
Schuyler	12	1
Seneca	59	0
St. Lawrence	205	0
Steuben	242	1
Suffolk	39,980	275
Sullivan	1,392	3
Tioga	131	1
Tompkins	164	0
Ulster	1,696	5
Warren	255	0
Washington	237	2
Wayne	116	0
Westchester	33,633	81
Wyoming	86	0
Yates	39	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)